

# MyMoney

## Kisa yon bank kapab fè pou mwen?

### Diferan tip de kat ki egziste:

**Kat de debi** – yon kat ki pèmèt ou pran lajan nan kont ou yo. Ou kapab itilize kat sa nan yon magazen epi tou nan yon ATM.

**Kat ATM** – Ou kapab itilize kat sa sèlman nan yon ATM, pou ou kapab pran lajan nan kont ou yo.

**Kat de kredi ki an sekirite** – Kat sa kapab ede ou pratike kijan pou ou itilize yon kat de kredi. An jeneral, kat sa yo genyen mwens kòb disponib pou ou itilize. Ou dwe peye anvan ou itilize kat la.

**Kat de kredi** – Kat sa a pèmèt ou achte pwodui san ke ou pa oblije peye pou yo imedyatman. Fòk ou peye pou yo pita.

Lè ou komanse itilize yon bank oubyen yon inyon de kredi, genyen kèk bagay ki enpòtan ou dwe konnen.

Yon kont se yon kote ou kapab mete lajan ou pou ou kite'l an sekirite epi itilize'l lè ou bezwen li.

**Kont bankè:** Sa se kote ou mete lajan ou pou ou kapab itilize li rapid pou ou achte pwodui ke ou bezwen.

**Kont depay:** Sa se kote ou mete lajan ou pou ou kapab ekonomize li. Ou pa ta dwe itilize lajan ou mete nan kont depay ou chak jou.

### Bagay pou ou Sonje

- **Kisa yon ATM ye?**  
ATM vle di “Automated Teller Machine”. Yon ATM se yon konmpitè ki ede ou pran lajan ou ki soti nan kont ou yo.
- **Poze kesyon:**  
Bank avèk moun yo ki travay pou yo la pou yo ede ou. Si ou pa konprann yon bagay, ou mèt poze kesyon!